



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VIL KINGSTON KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA
NAN REJYON MID-HUDSON LA NAN KAD DEZYÈM FAZ
INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

***Eta a pral Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson la
pou Revitalize Anba Lavil Vil Kingston***

***Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo
pou yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Vil Kingston lan pral resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman kòm gayan Mid-Hudson Valley la nan kad dezyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak premye faz DRI la, yo pral chwazi yon minisipalite nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a kòm gayan 10 milyon dola, sa k ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou l sible 100 milyon dola nan finansman ak envestisman pou ede kominote yo idantifye pwojè katalizè nan sant vil la a yo pou yo ranfòse ekonomi lokal la.

“Gras ak envestisman estratejik nan atou lokal dinamik yo, anba lavil Kingston rekonpanse pou opòtinite ak kwasans pwochen yo, e envestisman sa ap katalize potansyèl sa.”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Katye anba lavil yo se sant komès, kilti ak aktivite iben pou vil nan New York yo, e Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la asire ke minisipalite yo ak vizyon ak kreyativite yo genyen tout opòtinite pou pote nouvo lavi epi apiye domèn vital sa yo.”

Lè yo te konsidere uit kritè pi anba yo, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson la (Mid-Hudson Regional Economic Development Council) te revize pwopozisyon Kingston te prezante pou revitalizasyon sant vil li a, ansanm ak lòt pwopozisyon lòt kominote nan rejyon Mid-Hudson k ap patisipe yo te fè yo, avan yo te rekòmande pou nonmen Kingston kòm gayan.

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an.

- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo.
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan envestisman estratejik DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Kingston lan nan kad dezyèm faz DRI la bal dwa pou l resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman eta pou l revitalize katye nan sant vil li yo epi kreye kwasans alontèm. Kingston kounye a ap rejwenn Vil Middletown ki te gayan nan premye faz DRI a nan Rejyon Mid-Hudson la.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare, “Renesans resan Vil Kingston nan te kreye yon flo nouvo opòtinite pou ekspansyon nan yon sant vil florisan. Antanke dezyèm gayan pou Mid-Hudson Valley nan pri Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil New York, Kingston ap fasilite kwasans Repètwa Katye Komèsyal (Stockade Business District) li a epi lanse nouvo opòtinite devlopman ekonomik nan tout rejyon an.”

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap mete nan kominote yo resous ki sible ak envestisman pou atenn objektif devlopman ekonomik lokal alontèm yo. Antanke gayan pou Mid-Hudson Valley nan kad dezyèm faz DRI a, Kingston ap resevwa 10 milyon dola pou lanse kreyasyon nouvo djòb, akselere kwasans dirab, epi revitalize zòn sant vil la pou rezidan, vizitè ak bisnis yo. Mwen enpasyon pou wè travay transfòmasyon yo prevwa yo pou fè Kingston vin yonkote ki bon ankò pou moun rele lakay yo.”

Sekretè Eta nan New York Rossana Rosado te deklare, “Finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral ede anime sant Vil Kingston lan, sa k ap ofri opòtinite pou kreyasyon djòb ak kwasans ekonomik, pandan l ap rann zòn lan pi vivab pou kenbe rezidan ki la deja yo epi atire nouvo rezidan tou. Depatman Eta a (Department of State)

ap kontinye travay deprè avèk kominote toupatou atravè Eta New York yo pou ede yo devlope kominote ak sant vil yo.”

Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), RuthAnne Visnaukas, te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a ap ede soufle yon nouvell vi epi pote nouvell opòtinite pou vil tankou Kingston lan yo, sa k ap mete yon sou chemen pwosperite. Envestisman 10 milyon dola sa nan Kingston, fè pati yon objektif estratejik pou eksplwate atou ekstraòdinè sant vil atravè eta a yo genyen yo – sa k ap ogmante aksè a lojman, kreyasyon djòb epi atire opòtinite kiltirèl ak lwazi, epi anrichi ak amelyore kalite lavi nan tout rejyon an nèt.”

Senatè George Amedore te deklare, “Anba lavil dinamik yo enpòtan anpil pou yon ekonomi ki solid epi ki an sante. Vil Kingston nan genen atou ak karakteristik ki inik, ke lè yo asosye ak envestisman enpòtan sa, ap kore jenerasyon kwasans ekonomik ak siksè. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò envestisman kontini li nan kominote anva lavil nou yo.”

Kad Egzekitif Konte Ulster Mike Hein te deklare, “Ak kolaborasyon biznis, lidè sivik ak lidè akademik yo, k ap travay ansanm ak eta a, n ap temwanyen de chanjman pozitif nan ekonomi rejyon nou an. Nou gen chans pou genyen Gouvènè Cuomo bò kote nou, ki pa sèlman pale sou fè yon bagay -- li fè l. Avèk finansman DRI a, yon lòt fwa ankò l ap bay rezilta pou moun Mid-Hudson Valley yo.”

Majistra Vil Kingston Steve Noble te deklare, “Mwen kontan anpil e mwen onore ke yo te chwazi Kingston pou resevwa finansman sa. Nan vizyon li pou yon devlopman ekonomik enklizif, ki soti anba pou monte, Gouvènè Cuomo ap bay rejyon yo zouti ak resous ki nesè pou kominote yo reyisi epi pou ekonomi lokal yo devlope vin pi solid, e finansman sa ap ede revitalize Repètwa Katye Komèsyal yo epi poze baz pou plis kwasans ak siksè toujou.”

Kingston

Sou plan istorik, anba lavil Kingston se te sant ekonomik vil la, ki genyen imèb biwo, biwo sèvis finansye ak pwofesyonèl, sèl makèt vil la, ak espas lwazi kle yo. Nan dis ane ki pase yo, anba lavil Kingston te eksperimante yon renesans ki te mennen a yon afliyans nouvo envestisman ak yon reparaasyon nouvo kafe, restoran ak boutik. Kingston gen yon konbinezon envestisman estratejik ideyal, opòtinite fiti ki prèt pou konkretize, enstitisyon ak patnè esansyèl ki enplike, amelyorasyon enfrastruktir ki resan, ak politik ak plan sipò pou lanse pwosesis planifikasyon DRI a. Lòt envestisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nan zòn nan ajoute sou “Repètwa Katye Komèsyal” la ap kontinye revitalizasyon ekonomik zòn nan epi kreye nouvo opòtinite pou katye, vil ak konte ki antoure yo.

Kounye a, Kingston pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik (Strategic Investment Plan) pou revitalize sant vil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon k ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI la. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men

yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou sant vil Kingston lan pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pou Anba Lavil Kingston lan, ansanm ak plan lòt nèf gayan DRI yo te devlope a yo, pral gide investisman fon sibvansyon DRI la yo k ap fèt nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a genyen pou sant vil li a epi ki ka rantabilize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou dezyèm faz DRI la yo pral fin konplete nan kòmansman ane 2018 la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ale sou: <https://regionalcouncils.ny.gov>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418